



Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOCHEN KONVOKASYON EKSPÈ MONDYAL  
POU DISKITE SOU ELAJISMAN ENÈJI PWÒP NAN EKONOMI K AP GRANDI A  
NAN NEW YORK**

***Somè a pral rasanble kòmantè sou estrateji pou akselere deplwaman enèji  
renouvlab epi eksplòre wòl potansyèl teknoloji enèji pwòp pwochè jenerasyon***

***Sipòte avansman enèji pwòp, kwasans konomik ak opòtinite mendèv pou New  
York pandan l ap pote benefis pou kominote defavorize yo***

***Bati sou investisman ak aksyon san parèy Gouvènè Hochul la pou ogmante enèji  
renouvlab yo epi reyalize objektif enèji pwòp ak renouvelab New York yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York pral konvoke ekspè mondyal pou diskite sou wòl teknoloji enèji pwòp pwochè jenerasyon ak estrateji pou akselere deplwaman enèji renouvelab pandan y ap sipòte devlopman ekonomik nan New York. "Future Energy Economy Summit" (Somè sou Ekonomi Enèjetik Alavni), ki gen pou fèt 4-5 septanm, pral konvoke ajans eta ak otorite ki enpòtan yo, lidè mondyal ak federal, pwodikte elektrik, ekspè teknik, gwoup travayè, gwoup anviwònmanal, gwoup biznis ak lòt moun ki gen enterè yo. Somè a pral eksplòre ki jan teknoloji enèji pwòp pwochè jenerasyon yo ka sipòte etablisman ak ekspansyon antrepriz komèsyal ak endistriyèl yo, ansanm ak fason eta a ka akselere deplwaman resous repatisab ki pa gen emisyon ki pa gen okenn emisyon ke yo pral bezwen pou ranfòse efò remakab ak kontinyèl li yo pou ogmante enèji renouvelab.

Pandan n ap kontinye pote nouvo opòtinite fabrikasyon ak opòtinite ekonomik nan New York, n ap asire biznis sa yo an akò ak vizyon nou an nan yon ekonomi pwòp ak renouvelab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou sipòte envèstisman istorik nou yo nan enèji renouvelab, somè sa a pral rasanble lespri ki pi briyan yo pou eksplòre fason nou ka akselere pwogrè nou an, ki wòl potansyèl teknoloji pwochen jenerasyon yo ka jwe nan estimile kwasans ekonomik ak djòb atravè eta nou an, ak fason ekosistèm inovasyon New York la ka sipòte fiti endistri sa yo."

Gouvènè a te nonmen Prezidan Konsèy Administrasyon Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Richard Kauffman, pou sèvi kòm prezidan somè a ak

kontribisyon lidèchip ak anplwaye NYSERDA, Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), Empire State Development. (ESD), Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), Depatman Sante (Department of Health, DOH), Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) lan) ak Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la.

Eta New York prevwa gwo kwasans nan demann elektrik nan ane k ap vini yo, ki baze sou pwojè devlopman ekonomik istorik ak ogmantasyon adopsyon teknoloji elektrifikasyon nan sektè bilding ak transpò. Baze sou angajman san parèy ak kontinye Eta New York pou ogmante e akselere enèji renouvlab tankou enèji ewolyèn olaj zòn kot, enèji idwolik, solè ak enèji ewolyèn tèrès nan tout eta a, yon eleman kle nan somè a pral rasanble plis opinyon sou teknoloji ki gen ladan pwochen jenerasyon jewotèmik, nikleyè avanse, idwojèn pwòp, estokaj enèji ki dire lontan, ansanm ak lòt teknoloji k ap emèje yo. Kontwòl yo resevwa a pral enfòme estrateji Eta a nan itilizasyon teknoloji sa yo pou sipòte devlopman ekonomik atravè eta a epi bay yon kontèks pou [pwosedi Komisyon Sèvis Piblik \(Komisyon an\)](#) k ap [investige teknoloji](#) ki ka ede satisfè objektif sistèm elektisite zewo emisyon 2040 lan ki etabli atravè Lwa Klimatik New York la.

Anplwaye NYSERDA ak DPS yo ap devlope kounye a teknoloji ak etid ekonomik sou divès jenerasyon teknoloji ki kapab konplete deplwaman enèji renouvlab nan gwo echèl eta a epi jwe yon wòl elaji nan yon ekonomi dekarbonize. Etid sa yo pral rasanble enfòmasyon epi egzamine teknoloji ki soti nan ti reyaktè nikleyè modilè pase nan teknoloji estokaj enèji ki dire lontan rive nan ondilè ki fòme rezo a. Etid yo pral konplete rezilta somè sa a epi enfòme opsyon Eta a pou jenerasyon k ap vini yo, ki enkli nan pwosedi Komisyon an.

Somè sa a pral adrese faktè kle avanse pou devlope envèstisman nan chèn ekipman teknoloji sa yo nan New York, opòtinite mendèv yo, ak fason yo ka pwofite envèstisman sa yo pou sipòte gwo kwasans chaj ak devlopman ekonomik ki ba an kabòn atravè New York pandan y ap benefisye kominote ki defavorize yo. Somè a pral tou enfòme devlopman yon plan pou avanse pwoblèm ak konsiderasyon pou deplwaman pwodiksyon enèji nikleyè avanse ak potansyèlman ogmante pwogram finansman federal, ki gen ladan men pa limite a, sibvansyon planifikasyon nikleyè.

Akòz kapasite limite pou evènman an, yo ankouraje moun ki enterese patisipe nan somè a pou [enskri isit la](#) anvan jedi 29 out 2024. Medya ki gen otorizasyon ki enterese patisipe nan somè a ta dwe [enskri isit la](#).

**Prezidan Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Richard Kauffman, te deklare,** "Mwen gen onè pou m prezide Somè sou Ekonomi Enèjetik Alavni New York la. An menm tan pandan Eta New York akselere angajman li pou enèji solè ak ewolyè, nou bezwen evalye wòl teknoloji k ap emèje yo ka jwe nan ede New York reyalize yon rezo zewo emisyon. Somè sa a pral ede avanse objektif klima nou yo. Mwen remèsye anpil ekspè nou yo, lidè endistri yo, ak patnè yo pou patisipasyon yo nan asire New York byen pozisyone nan dirijan tranzisyon enèji pwòp la."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Panse inovan ansanm ak eksplorasyon teknoloji pwochen jenerasyon an se poto prensipal pou bay yon chemen pou nou devlope ekonomi enèji pwòp nou an ki deja ap pwospere a. Somè sa a pral pèmèt moun ki soti nan sektè piblik ak prive yo mete tèt yo ansanm pou pataje meyè pratik yo, angaje yo ak ekspè yo, epi bay otorite eta yo kòmantè enpòtan yo pandan n ap fikse aksyon pou eta a ak nasyon an."

**Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare,** "Somè sou Ekonomi Enèjetik Alavni an pral yon zouti enpòtan pou konsantre atansyon kritik sou enèji pwòp ak devlopman ekonomik. Felisitasyon pou Gouvènè Hochul paske li rasanble somè a nan moman sa a".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Sou lidèchip Gouvènè Hochul la, New York kontinye planifye ak bati pou yon avni dirab nan tout eta a. Somè sou Ekonomi Enèjetik Alavni an pral ankouraje pi gwo kolaborasyon ant enèji pwòp ak pwofesyonèl devlopman ekonomik, epi eksplòre fason Eta New York kapab maksimize opòtinite ki disponib pou kwasans."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Otorite Enèji New York la kontan pou pote ekspètiz li nan Somè sou Ekonomi Enèjetik Alavni an pou kolabore ak kòlèg aksyon klima ki gen menm lide pou avanse tranzisyon New York nan yon ekonomi enèji pwòp. Nou espere travay ak patnè prive ak piblik pou inovè ak avanse teknoloji ki pral lakòz pwogrè kontinyèl nan objektif zewo New York la disi 2040."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la, Sean Mahar, te deklare,** "Eta New York ap avanse nan yon pakèt pwogram, inisyativ, patenarya, ak investisman pou aplike Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, reyalize rediksyon emisyon gaz efè sè Lwa a ki obligatwa yo, epi ranfòse devlopman pwojè enèji renouvlab nan tout eta a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te òganize somè sa a pou plis enfòm ak amelyore efò soutni Eta a pou eksplòre dènye teknoloji enèji pwòp ki disponib yo epi tranzisyon New York pou soti nan konbistib fosil avèk siksè pandan y ap priyòrizè ekite epi ede konstwi kominote ki pi vèt ak pi an sante."

**Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Klima a chanje, li evidan pou tout moun pandan n ap wè move tan ak enpak li sou sante ak byennèt nou. Depatman Sante a jwe yon wòl ki enpòtan anpil, paske chanjman klimatik kontinye gen yon enpak dirèk sou sante kominote nou yo atravè chalè ekstrèm, tanpèt, ak pwoblèm kalite lè a. Nou espere travay ak patnè nou yo pou ankouraje enèji renouvlab ki pral ede pwoteje sante tout Nouyòkè yo."

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Angajman Eta New York pou yon enèji pwòp gen pou wè ak jesyon anviwònmanal ak opòtinite ekonomik. Lè nou pwofite teknoloji enèji pwochen jenerasyon yo, nou fè

avanse objektif klimatik nou yo, kreye djòb ki byen peye, epi konstwi yon ekonomi rezistan ki benefisye tout Nouyòkè yo. Ekspè k ap patisipe nan somè sa a se pi gwo lespri nan sektè sa a epi kongrè sa a ap kontinye chemen nou nan direksyon yon avni ki responsab pou anviwònman an."

Anons jodi a baze sou dènye aktivite federal enèji pwòp yo, ki gen ladan [Somè Mezon Blanch lan sou Deplwaman Nikleyè Nasyonal \(White House Summit on Domestic Nuclear Deployment\)](#) ki te fèt nan mwa me ki te mete aksan sou pwogrè k ap fèt atravè sektè piblik ak prive sou fason pou kenbe itilizasyon enstalasyon nikleyè ki egziste deja yo, deplwaye nouvo teknoloji nikleyè, rasyonnalize pwosesis pou mete nouvo retaktè yon fason responsab, epi konstwi chèn apwovizyonman ak mendèv solid.

**Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe te deklare,** "New York ap pran responsabilite nan pwochen jenerasyon teknoloji enèji pwòp ki esansyèl pou transfòmè rezo enèji nou an epi asire yon avni dirab. Kòm nou wè yon rezijans nan travay fabrikasyon ak demann enèji ap kontinye monte, li enpòtan pou nou itilize solisyon dènye kri yo pou bati yon ekonomi vèt solid. Pandan k ap nou kontinye konstwi resous solè, ewolyèn ak enèji ewolyèn olaj zòn kot, nou dwe gade ale nan nouvo teknoloji, ki gen ladan rezo enèji tèmik. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te rasanble ekspè yo pou fè objektif klima nou yo avanse pou pi devan epi asire yon avni ki pi pwòp, ki pi rezistan pou tout Nouyòkè yo."

**Marguerite Wells, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp la (Alliance for Clean Energy), te deklare,** "Youn nan bagay ki pi enteresan sou tranzisyon enèji pwòp nou an se inovasyon an. Chak jou, yo ap fè rechèch ak deplwaye nouvo teknoloji ki amelyore pwodwi yo ak pratik yo itilize jodi a. Inovasyon sa a ankouraje pa demann New York ak lòt lidè mondyal yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA paske yo te rasanble ekspè mondyal sa yo pou pataje tout travay yo nan direksyon objektif komen nou pou deplwaye enèji pwòp pi vit jan sa posib."

**Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare,** "Somè sa a pral reyini yon gwoup ekspè, ki gen ladan travayè yo ak sendika yo, pou gide Eta a nan atenn objektif enèji pwòp li yo. Nou felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pou asire manm sendika yo fabrike, konstwi, opere, kenbe, ak repare pwojè enèji pwòp ak klimatik New York yo."

**Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building Trades) la, te deklare,** "Pandan n ap kontinye bay pwojè enfrasitrikti yo ki pouse nou nan objektif enèji pwòp ki fikse estanda nou yo epi ki jenere plizyè milye karyè sendika ki soutni fanmi, New York dwe rete angaje pou eksplòre nouvo mwayen efikas pou deplwaye inisyativ sa yo. Somè sou Enèji k ap vini sa a pral jwe yon wòl enpòtan nan idantifye zouti ki pral mennen pwogram enèji renouvlab nou an nan pwochen nivo epi debloke plis opòtinite ekonomik ak chemen pou klas mwayèn nan ki benefisye moun k ap travay di nan eta nou an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA paske yo te lanse evènman sa a epi nou pa ka tann pou yo patisipe nan

konvèsasyon enpòtan sa yo ki pral finalman amelyore anviwònman nou ak lavi Nouyòkè yo pou jenerasyon k ap vini yo."

**Gavin J. Donohue, ki se Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral Independent Power Producers of New York lan, te deklare,** "IPPNY ak manm li yo sipòte yon tranzisyon enèji pwòp atravè itilizasyon mache konpetitif, ki te fè pwodiksyon enèji pi pwòp ak pi abòdab pou Nouyòkè yo pandan 25 dènye ane yo. Anplis de sa, manm nou yo se lidè nan ankouraje Eta a idantifye teknoloji ki nesèsè pou atenn objektif zewo emisyon 2040 CLCPA a epi kenbe fyabilite epi yo anvi kontinye investi nan resous enèji pwòp pandan opòtinite sa yo vin pi disponib. Somè Gouvènè a pwopoze sou enèji pwòp se yon opòtinite pou akselere travay sou objektif 2040 la."

**Vis Prezidan Entènasyonal Twazyèm Distri IBEW la, Dennis Affinati, te deklare,** "IBEW la sipòte yon apwòch global pou pwodiksyon enèji pwòp. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te òganize yon somè ki gen ekspè endistri yo pou eksplòre opsyon dènye teknoloji yo ofri pou ede New York atenn objektif enèji pwòp li yo."

**John Murphy, Reprezantan Entènasyonal Asosyasyon Ini pou Konpayon & Apranti Endistri Plonbri ak Tiyotri Etazini ak Kanada, te deklare,** "Pouswit Gouvènè Hochul pou yon 'Estrateji Enèjetik Global' ap pozisyon New York pou aktive plizyè milya nan finansman federal lè li rekonèt teknoloji dènye kri tankou ti rayaktè modilè, enfrastruktir idwojèn pwòp, ak rezo enèji tèmik avanse kòm sous enèji zewo-emisyon 100% fyab. Inovasyon vèt sa yo pral non sèlman asire fyabilite rezo 24/7, men tou, pral kreye plizyè milye travay ki soutni fanmi pou Nouyòkè yo rive jwenn yon avni enèji ki pi pwòp."

**Direktè Komèsyal Boilermakers Local 5 la, Tom Ryan, te deklare,** "Boilermakers yo te toujou lidè nan devlopman nouvo enèji epi yo sipòte yon apwòch "global" pou bezwen enèji Eta New York. Pa egzanp, Boilermakers pran angajman pou yo kontinye sipòte nouvo apwòch nan flòt nikleyè Eta New York la. Soti nan konstriksyon pase nan antretyen rive nan ravitayman, nou te ansanm depi nan kòmansman an. Boilermakers yo eksite e egalman angaje yo pou yo kòmanse nouvo relasyon ak enèji ewolyèn flotan ak idwojèn kòm enèji renouvlab k ap parèt. Nou pa ka tann pou nou patisipe nan somè a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Business Council of New York State Inc., Heather C. Mulligan, te deklare,** "Pandan ke CLCPA a ak angajman eta a pou dekarbonize ekonomi li a poze defi, li ofri tou gwo opòtinite pou ankouraje investisman ak travay nan nouvo endistri ak nouvo endistri ki esansyèl pou tranzisyon an. Nou sipòte efò NYSEERDA ak administrasyon Hochul la fè pou avanse deplwaman pri efikas jenerasyon renouvlab, ak kwasans fabrikasyon ak chèn ekipman nan eta a pou sipòte teknoloji inovan sa yo. Nou pa ka tann pou nou sipòte inisyativ somè otòn sa a."

**John Carlson, Direktè Prensipal pou Politik Rejyonal Gwoup Travay sou Lè Pwòp la, te deklare** "Dekarbonizasyon nan tout ekonomi an pral mande pou New York ogmante dramatikman pwodiksyon enèji pwòp ak fyabilite pou pèmèt elektrifikasyon

transpò, endistri ak bilding yo. Menm jan New York ap trase wout la ak resous renouvlab yo, li kapab dirije deplwaman teknoloji konpayi pwòp yo ki montre yo diminye depans kliyan yo, ogmante fyabiite, epi redwi anprent enfrastrikti sistèm elektrik dekarbonize yo. Envesti nan nouvo chemen san kabòn pral akselere tranzisyon enèji a epi bay moun New York ak endistri fiti yo fyabilite yo egzije a."

**Direktè Politik Prensipal nan Advanced Energy United, Kristina Persaud, te deklare,** "Avans enèji pwòp enpòtan anpil pou atenn objektif klimatik anbisye New York yo epi ankouraje yon avni enèji dirab, abòdab pou tout Nouyòkè yo. Angajman NYSERDA pou eksplòre enèji pwochen jenerasyon ak kreye yon ekonomi ki bati sou solisyon enèji avanse pral transfòme peyizaj enèji a, pou asire yon avni ki pi pwòp, ki pi rezistan pou Empire State la."

**Direktris Kanpay New Yorkers for Clean Power, Betta Broad, te deklare** "Pandan rechofman planèt la ap akselere, li enpòtan pou nou gade pi lwen pase fwontyè eta nou yo ak devlope patenarya ak inovatè atravè mond lan pou teknoloji ki pi modèn pou rezoud kriz egzistansyèl chanjman klimatik la. New York se yon lidè nasyonal ak mondyal nan ogmante solisyon enèji pwòp epi nou bat bravo pou NYSERDA non sèlman paske li enterese nan dènye teknoloji klimatik la, men tou li konsantre sou travay enpòtan angajman kominote a pou fasilite anplasman ak konstriksyon teknoloji ki pwouve tankou ewolyèn ak solè."

**Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare,** "Desizyon Gouvènè Hochul te pran pou konvoke yon gwo echantyon Nouyòkè yo pou revize epi rebran angajman pou atenn objektif anbisye eta nou an nan netralite kabòn ak enèji renouvlab, ki gen ladan nouvo apwòch pou enèji nikleyè avanse, rive alè epi se yon gwo demonstrasyon kapasite inik li pou rasanble divès kalite gwoup ansanm pou yon objektif komen."

**Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building and Construction Trades Council) Konte Nassau ak Suffolk la, Matthew Aracich, te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman li pou avansman enèji vèt isit la nan New York. Somè sou Ekonomi Enèjetik Alavni an pral non sèlman rasanble pi gwo ekspè nan mond lan, men li pral tou ogmante efò kolaborasyon ant moun ki gen enterè yo nan nivo lokal ak eta. Efò tankou sa yo sèvi pou inogire pwochen jenerasyon dirabilite isit la nan Long Island. Avèk patnè tankou Eta New York ak NYSERDA, sèl chemen pou nou swi se chemen alavni an!"

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta a te pran yon kantite aksyon pou ranfòse rezistans enèji, fyabilite, ak abòdabilite pou mete New York sou wout pou diminye depandans sou konbistib fosil yo. Kèk nan dènye aksyon sa yo gen ladan apwobasyon pwogram estokaj enèji pou reyalize [6 jigawat \(gigawatts, GW\) estokaj enèji disi 2030](#), lansman yon [pwogram Solè pou Tout Moun nan Tout Eta a](#), lansman yon [pwosedi Rezo pou Lavni](#) ki konsantre sou devlopman sible resous fleksib pou amelyore rezistans rezo a, ak devlopman kontinyèl teknoloji enèji renouvlab, ki gen ladan dènye [finisman fèm](#)

enèji ewolyèn olaj zòn kot South Fork Wind lan, kòmansman konstriksyon Empire Wind 1 lan ak kòmansman konstriksyon Sunrise Wind lan.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030. ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)